

RINGKESAN

Witri Febrianti Ramadanti. 2018. *Studi Distribusi sarta Kaleuyaan lancah-lancah di Leuweung Pinus Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat Minangka Ajareun Biologi. Diaping ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. salaku pangaping I sarta Dra. Hj. Lilis Suhaerah, M.Kes. salaku pangaping II.*

Tujuan Panalungtikan ieu pikeun meunangkeun data ngeunaan sumebar sarta kaleuyaan lancah di Leuweung Pinus Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat. Panalungtikan dilaksanakeun kaping 14 dugi 15 April 2018. Panalungtikan ieu ngagunakeun padika deskriptif. Desain panalungtikan nu digunakeun nyaeta “Belt Transect” panjangna 100 meter anu diwangun ku genep stasiun, jarak sewang-sewang stasiun nyaeta 25 meter. Sewang-sewang stasiun diwangun ku genep “kuadrat”, panjangna sewang-sewang kuadrat nyaeta 20 meter. Nyuplik conto kalawan padika “Pit Fall Trap, Insec-net, Hand sorting”, sarta “serasah”. Ditampa saloba 175 individu lancah anu kaasup kana 12 spesies ti 2 Subordo, 8 famili sarta 11 genus. Spesies anu kapanggih nyaeta “*Argiope versicolor*, *Gasteracantha parangdiadesmia*, *Leucauge decorata*, *Leucauge venusta*, *Ummidia sp.*, *Pardosa hyperborea*, *Nephila maculata*, *Isopeda villosa*, *Heteropoda jugulans*, *Leiobunum vitatum*, *Erigone edentate* sarta *Icius separatus*”. Data pangrojong anu diukur nyaeta “faktor klimatik” ngawengku suhu hawa, kelembapan hawa sarta “intensitas cahya”. Hasil panalungtikan nembongkeun yen Pola sumebar di Leuweung Pinus Jayagiri Lembang kaasup kriteria ngajumpluk kalawan peunteun rata-rata sumebar sagede 67%. Peunteun kaleuyaan spesies pangluhurna nyaeta spesies “*Leucauge venusta*” yaktos sagede 23 individu/m² sedengkeun kaleuyaan pangleutikna nyaeta spesies “*Nephila maculata*, *Heteropoda jugulans*, *Erigone edentata* sarta *Icius separatus*” kalawan peunteun kaleuyaan sagede 1 individu/m².

Kecap Konci: Distribusi, kaleuyaan, lancah